



Pou Piblikasyon Imedya: 23/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGGRAM RANBOUSMAN PRÈ 9 MILYON DOLA POU TRAVAYÈ SANTE MANTAL YO

***Y ap aksepte aplikasyon yo kounye a pou pwogram eta a finanse pou ede ajans sante mantal kominotè yo rekrite ak kenbe anplwaye yo***

***Prim jiska 120,000 dola pou sikiyat; 30,000 dola pou enfimyè pratikan nan sikiyatri ke pwogram sante mantal kominotè ki gen lisans ki elijib yo anboche***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 9 milyon dola nan finansman eta a pou yon pwogram ranbousman prè pou ede ajans sante mantal kominotè yo rekrite epi kenbe sikiyat ak enfimyè pratikan nan sikiyatri yo. Pwogram Ranbousman Prè Sante Mantal Kominotè (Community Mental Health Loan Repayment Program, CMHLRP) a ke Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York la administre pral bay ranbousman prè jiska 120,000 dola pou sikiyat ak 30,000 dola pou enfimyè pratikan nan sikiyatri, sou kondisyon pwogram sante mantal kominotè ki gen lisans yo kenbe yo anboche pandan twa ane.

"Kòm yon pati nan pi gwo envestisman nan swen sante ki te janm fèt, Pwogram Ranbousman Prè Sante Mantal Kominotè a pral pèmèt nou bati yon sistèm swen sante ki pi ekitab", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Finansman sa a pral founi patnè nou yo nan kominote yo atravè eta a resous yo bezwen pou atire travayè nivo siperyè yo epi answit kenbe yo anboche nan eta nou an, pou nou ka ogmante mendèv nou epi asire tout Nouyòkè yo gen aksè nan pi bon kalite swen".

Sikiyat oswa enfimyè pratikan nan sikiyatri ki fèk anboche ak sila yo ki fè pati anplwaye yo -ki gen ladan anplwaye a tan pasyèl yo - nan pwogram sante mantal kominotè ki gen lisans yo elijib pou resevwa prim ranbousman. Travayè yo ki resevwa lajan atravè pwogram ranbousman prè a dwe ranpli yon obligasyon sèvis twa ane bay anplwayè yo epi yo pral resevwa yon tyè nan rekonpans total yo chak ane pandan twa ane sa yo.

Sikiyat ki elijib yo ka resevwa jiska 120,000 dola, alòske enfimyè pratikan nan sikiyatri ki elijib yo ka resevwa jiska 30,000 dola. Founisè yo ka aplike pou ranbousman prè nan non anplwaye yo, avèk aplikasyon yo revize sou yon baz premye vini, premye sèvi toutotan finansman an rete disponib.

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare**, "Founisè swen sante mantal yo ki nan kominote a kontinye gen mank travayè swen sante nan tout peyi a ki afekte yo, epi demann pou sikiyat ak enfimyè pratikan nan sikiyatri yo kontinye ap grandi. Pwogram Rambousman Prè Sante Mantal Kominotè a pral ede patnè nou yo satisfè demann k ap grandi sa a nan ede atire epi kenbe pwofesyonèl esansyèl sa yo".

Pwogram pou pasyan ki entène ak ijans sikiyatrik konplè ki elijib pou pwogram nan gen ladan founisè ki gen lisans nan inite sikiyatrik pou pasyan ki entène Atik 28 la, pwogram lopital endependan Atik 31 pou pasyan ki entène ak pwogram ijans sikiyatrik konplè yo. Pwogram Atik 31 pou pasyan ekstèn ki gen lisans yo elijib tou, sa gen ladan ekip tretman kominotè aktif, tretman lajounen kontinyèl, tretman lajounen pou timoun yo, ospitalizasyon pasyèl, sèvis pèsonalize oryante pou rekiperasyon, ak tretman sante mantal pou pasyan ekstèn ak sèvis reyabilitasyon.

Pwogram rambousman an konplete [plan sou plizyè ane 20 milya dola Gouvènè Hochul](#) la pou amelyore ak devlope enfrastrikti swen sante ak mendèv New York la. Plan an gen ladan 1.2 milya dola pou swen sante ak bonis retansyon pou travayè ijiyèn mantal, ak 500 milyon dola pou ajisteman kou lavi pou ogmante salè pou travayè sèvis sosyal yo.

Anplis de sa, Biwo Sante Mantal la te distribye tou plis 21 milyon dola nan fon federal depi otòn 2021 pou ankourajman pou rekritman ak retansyon. Yo te founi finansman sa a atravè Lwa sou Plan Sekou Ameriken 2021 an ak ekspansyon ki limite nan tan nan kad pwogram Sibvansyon Global Sèvis Sante Mantal Kominotè (Community Mental Health Services Block Grant, MHBG) a ak pòsyon Pousantaj pou Asistans Medikal Federal (Federal Medical Assistance Percentage) la nan fon pou pwogram Medicaid yo.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Rambousman Prè Sante Mantal Kominotè OMH la sou [sitwèb OMH](#).

###